Alal ji gën ci li nit ki di joxe: mooy alal ji mu jox njabootam ak alal ji mu jox ay daabaam ci yoonu Yàlla, ak alal ji mu jox ay àndandoom ci yoonu Yàlla

Jële nañu ci Sawbaan -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: Yonnente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- nee na: «Alal ji gën ci li nit ki di joxe: mooy alal ji mu jox njabootam ak alal ji mu jox ay daabaam ci yoonu Yàlla, ak alal ji mu jox ay àndandoom ci yoonu Yàlla» Abuu Xilaaba wax ne: "dafa, tàmbali ci njaboot Abuu Xilaaba, dellu wax ne: ana gan góor mooy gën a màgg ug pay ci góor guy jox njabootam gu ndaw di leen feg, mbaa Yàlla di leen jariñ ci moom ba def leen ñu doylu.

[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- dafa leeral ay meloy joxe, mu toftale ci li gën a war ci yaw bu dee anami joxe yi daa daje, mu tàmbalee ca la gën a am solo teg ca la ca tege; Mu xibaare ne alal ji ëpp yool mooy ji jullit bi jox koo xam ne moo ko war a jox; niki jabar ak doom, Teg ca jox waruwaay ju ñu waajal ngir xeex ci yoonu Yàlla, Teg ca jox ay xaritam ak i àndandoom bu ñu nekkee ci jihaad ci yoonu Yàlla.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/3267